

Si w bezwen enfòmasyon nan lòt lang, tanpri kontakte Kowòdinatè Tit VI/Kont Diskriminasyon an nan 978-374-0519.

Si necesita esta información en otro idioma, por favor contacte al coordinador de MVMPO del Título VI/Contra la Discriminación al 978-374-0519.

如果需要使用其它语言了解信息,请联系 Merrimack Valley 大都会规划组织 (MVMPO) 《民权法案》第六章协调员,电话 978-374-0519。

Nếu quý vị cần thông tin bằng một ngôn ngữ khác, vui lòng liên hệ Điều Phối Viên Tiêu Đè VI/Chồng Phân Biệt Đồi Xứ của MVMPO theo số 978-374-0519.

Si w bezwen enfòmasyon nan lòt lang, tanpri kontakte Kowòdinatè Tit VI/Kont Diskriminasyon an nan 978-374-0519.

Avi Piblik: Aksyon Merrimack Valley Metropolitan Organization Pwopoze, Odyans Piblik, ak Peryòd pou moun fè kòmantè.

Merrimack Valley Planning Organization (MVMPO) nan dokiman sa a bay avi disponibilite aksyon yo pwopoze ki annapre yo pou analiz ak kòmantè:

MV Moves (Mizajou Plan Rejyonal Transpò Aktif nan Vale Merrimack)

Aksyon ki mansyone pi wo yo disponib pou analiz sou sit entènèt Merrimack Valley Planning Commission (MVPC) a (www.mvpc.org/mvmpo) e yo dekri pi ba. Oganizasyon Planifikasyon Metropolitain Merrimack Valley (MVMPO) envite piblik la pou diskite sou aksyon yo pwopoze a (yo) epi bay kòmantè.

- **Adrès:** A distans
- **Dat:** 16 Oktòb 2024
- **Lè:** 1:00pm rive 2:00pm epi 4:00pm rive 5:00pm
- **Fòma:** Yo p ap bay okenn prezantasyon fòmèl; sepandan, anplwaye yo ap disponib pou diskite sou pwojè a epi resevwa kòmantè yo. Y ap voye kòmantè yo bay Komite MVMPO a pou ede yo deside ratifikasyon plan an.
- **Lòt mwayen pou Patiste:** Ou ka voye kòmantè alekri yo sou transportation@mvpc.org

Aksyon yo pwopoze yo:

MV Moves—plan transpò aktif ki ajou nan rejyon an—baze sou travay ki te gentan fin fèt nan efò planifikasyon anvan yo e li chèche pou avanse pwojè priorité transpò aktif ak kreyasyon plas, tankou mete an plas amenajman pou pyeton (ban, ekleraj, atizay piblik)—ki ankouraje chanjman mòd, kreye opòtinite rekreyatif agreyab, epi sipòte devlopman ekonomik nan vil nou an ak sant iben yo. Faz 1 pwojè a pare pou l lanse. Pati sa a nan dokiman an konsantre sou definisyon priorite pwojè konseptyèl yo pou amelyore rezo jeneral rejyon an. Faz 1 gen ladan l yon evalyasyon kondisyon ki egziste deja yo. Evalyasyon sa a te sèvi kòm baz pou pwosesis definisyon priorite plan an. Faz 2 a, ki pral konsantre sou kreyasyon espas piblik toupre ne transpò aktif yo, pral fini ane pwochèn.

Faz 1 plan an ouvè pou piblik la fè kòmantè. Ou ka konsilte plan an sou: mvpc.org/atp.

Rejwenn nou:

Odyans #1: 1:00 PM

Lyen: <https://us06web.zoom.us/j/89264378755>

ID Reyinyon: 892 6437 8755

Pou rele: +16469313860,,89264378755# US

Odyans #2: 4:00 PM

Lyen: <https://us06web.zoom.us/j/84567351102>

ID Reyinyon: 845 6735 1102

Pou rele: +13052241968,,84567351102# US

Pou akomodasyon lang oswa andikap, tanpri kontakte MVMPO Tit VI/Kowòdonatè Anti-Diskriminasyon nan 978-374-0519, depreferans yon semèn davans dat odyans lan.